

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKUEN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,
J. KATS, M. SOERIDIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: - GOENOENG SARI 84. - WELTEVREDEN

*Redak.
Katabaja*

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina **sataoen** ti Juli d. k. Juni f 3. —
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . , 0.30
 Pangaos **samboeng-lajang** (advertentie) dina P. S. sakatja . . . , 20. —
 Satengah katja f 12¹/₂, Saparapat katja , 7.50
 dina sakali kaloeur.

Oepami ngalangan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 8

1 Bab Wajang (Samboengan P. S. No. 7) katja	118
2 Tjandra sangkala "	117 ✓
3 Agama Boeda panggalar Boro-boedoer "	121
4 Wajang Allah "	122
5 Paririmbon (samboengan P.S. No. 7),,	123
6 Almenak taen 1853 "	125
7 Wawatjan Siliwangi (Samboengan P. S. No. 7) "	126

Bab Wajang

(Beunang njoetat tina boekoe karangan Toean J. Kats)

III.

Sanggeus oerang Hindoe daratang ka Djawa, lian ti agamana nja lalakon-lalakon djeung tjarita-tjarita Hindoe tèa ogè dilian-

keun deui ka priboemi sarta katjida dipikaresepna, lantaran karasa koe maranehanana lain dongèng bolostromg, tapi saoejtjap-oetjapna pada ngandoeng sasmita aja harti kadoea leutikna. Lantaran kalindih koe bekel sèmah, lalakon priboemi pitoein keuki katèlèr-tèlèr, lila-lila nepi ka mèh moesnana, pindah roepa ganti warna.

Ngaran-ngaran anoe kapanggih dina lalakon-lalakon Ramajana djeung Mahabarata tèa, diseroep-soeroep dieunteup-eunteup-keun kana patempatan noe aja di Djawa. Eta sababna anoe matak di oerang rèa patempatan, goenoeng atawa waloengan anoe ngaranna makè ngaran anoe kapanggih dina lalakon Hindoe tèa, saperti Goenoeng Ardjoena, Kali Serajoe, Goenoeng Semeroe dj. s. t. sarta sasakalana dipasieup sina soeroep djeung di Hindoe. Malah bawaning koe hajang poeas ngakoena poesaka sèmah, nepi ka ngaran anoe aja dina lalakon wajang

eng
eur
ko,
jahi
ran
tos
tèa
eh
as.
S.
cap
ba-
lan

De-
eng

ktie
en-
gal
lan

dianggap karoehoen anoe noeroenkeun roendajan Djawa, dipaparah disoesoeroep ngarah siga aja tjorna ka radjana, babakoena dirèka disina djiga Ardjoena aja di Djawa, diarakoe disareboet aki boejoet para ratoe.

Anoe mawi rèa anoe akoe-akoe-angga, njèboetkeun aja karabatna ka Ardjoena, ka Darawati, ka Praboe Mandoera, babakoena hajang diseboet paranakan *Pandawa*, padahal lain-lainna deui.

(Di Solo sareng di tempat-tempat anoe sanes, dalah di dieu ogè di Pasoendan rèa anoe pertjanten sarta ngangken jèn Radjana, dalemna dj. s. t. toeroenan *Ardjoena*, atanapi toeroenan *Siloeman*, paranakan *Djin*, karepna tina katarik koe ngarah *pamor*. Ari sajak-tosna mah èta anggapan sareng angkenan kitoe tèh, nawoekoe *ngahinakeun* kana salirana koe andjeun. S. d. R.)

Doepi babakoena liarna sareng nerekabna èta lalakon Hindoe di Djawa, nja èta alam Radja *Erlangga* ngasta kakawasaan, dina katompèrnakeun windoe ka sawelas, margi nja harita disalinna tina Hindoe kana basa Djawa (Djawa-koena) èta lalakon anoe 18 *parwa* tèh. (Tina ieu ketjap **parwa**, anoe saenjana hartosna *bab, pasal*, nja robah sorana djadi **paroewa**, ti dinja robah deui djadi *poerwa*, dihartianana djadi: *mimiti, asal, baheulana*. Anoe mawi ajeuna aja basa *Wajang poerwa*, dihartian *wajang koena, wajang baheula*.)

Lian ti koe dilalakonkeun tjari Rama-jana tèh digelarna djeung diliarkeunana di dieu, nja èta koe diwoedjoedkeun dina tjandi-tjandi deui, saperti tjandi Prambanan anoe diadegkeunana kira-kira dina windoe ka salapan, dina tjandi Panataran di tjaket Blitar.

Soepados kaoninga toetoeranana anoe leres ajeuna oerang wajaŋkeun lalakon Ramajana tèh. Awit oerang tjarioskeun:

I Radja Dasjaratha.

Dasjaratha tèh radja agoeng toer linoe-hoeng, nagarana di Ajodhja sakalèreun waloengan Gangga tanah Kosjala, di boeana Hindoestan.

Koe lantaran andjeunna teu kagoengan poetra, nja ladjeng ngaroeat andjeun koe *korban-koeda* (paardenoffer), noemoetkeun talari Hindoe harita.

Harita para Dèwa keur noedjoe menekoeng siang wengi neneda soepaja *Wisnoe* loemoengsoer ka alam lahir, baris ngajonan *Rahwana* anoe salamina ngahihileudan sareng ngaganggoe ka arandjeunna, tina Dèwa-dèwa geus ngaraos tetèr njangga karo-saanana èta *Rahwana*, anoe sakitoe ngoembar napsoena.

Wisnoe ngaboeelkeun panoehoen para Dewa, nja loemoengsoer djadi poetra Dasjaratha, anoe kakasihna Rama tèa.

Noemoetkeun agama Hindoe, Wisnoe tèh loengsoerna ka doenja geus sababaraha balikan. Nitisna ka lahir lain ngan mang-roepi woedjoed djelema baè, tapi noemoetkeun kaperloeian doenja pikeun *roemaksa* ka para mahloek dina saalamna-saalamna. Ti barang goemelar doenja geus nitih 4 djaman, nja èta 1 *Djaman Kreta*, 2 *Djaman Treta*, 3 *Djaman Dwapara-joega* djeung djaman ka opat noe ajeuna keur kalampahan koe oerang, nja èta *Djaman Kali-joega*. Dina èta opat djaman Wisnoe tèh geus nitis kana: Laoek, ka Koeja ka Bagong, ka Djelema-singa (man-leeuw), ka djelema tjabol, ka Batara-Rama-njandak-pitik, ka Batara Rama poetra Radja Dasjaratha, ka Batara Kresha djeung ka Sang Boedha. Engké dimana ieu djaman Kali-joega, nja èta djaman kalangkaboet (*djaman-èdan*, saer Ronggo Warsito mah. S.d.R.) toetoep, geus kaliwat, Wisnoe tèh bakal loemoengsoer deui, *toenggang koeda bodas*, baris ngabasmu kadaliman kadjahatan ngagempoer soegri kanistaan kagorèngan, digentos koe *adil* anoe noengtoen kana katengtreman kaamanan, rapih rèpèh taja geusan genah panasaran.

Sakoemaha anoe parantos ditjarioskeun ka poengkoer *Dasjaratha* tèh ti tiloe garwa kagoengan poetra opat, nja èta Barata Rama (Titisan Wisnoe tèa), Bharata, Lakshmana sareng Sjatroegna.

Barang èta opat moerangkalih geus arageung, ka karaton Ajodhja soemping hidji pandita, djenenganana Sang Resi *Wisjwa-mitra*, anoe kenging disebat pangrorok para poetra radja tèa. Nja andjeunna anoe djadi goeroena èta maroerangkalih tèh.

Batara Rama sareng Lakshmana anoe katjida kadeuheusna, arangkat ngiring Sang Resi merangan boeta denawa. Ieu doea Satria koe Sang Resi dipaparin pakarang poesaka

noe gedè kasiatna, nja éta gandjaran wa-anènna anoe parantos boekti dina waktoe perang téa, soepaja baring soepagi aran-jeunna ariasa deui ngalaksanakeun kasat-anana, langkoeng ti anoe enggeus-enggeus.

Dina sabot Batara Rama sareng saderèkna ngiring Sang Resi ngalakonan perang sareng beta-boeta téa, djol arandjeunna saroem-ing ka hidji nagara, ngaranna nagara Widèha, radjana djenenganana *Djanaka*, anoe eur noedjoe saèmbara. Ari saèmbarana nja ta: Saha-saha anoe iasa *meitangkeun gon-dèwa poesaka karadjaan*, bakal digandjar poetri, poetra Sang Radja Djanaka anoe jenenanganana *Sita* (Dèwi Sinta).

Ari saenjana mah éta Dèwi Sinta anoe disaèmbarakeun téh, sanès poetra tjara zalibna anoe dibabarkeun biasa, tapi ieu mah poetri anoe medal tina *singkal woeloekoe*, nja éta nalika Sang Radja Djanaka keur *ngawoeloekoe*, di hoema, aja wahjoe toemoeroen borèngkal tina singkal medal moerangkalih istri anoe djadi poetrana, didjenenganan *Sita*.

Parantos pirang-pirang radja anoe ngiring kana éta saèmbara, tapi teu atjan aja hidji anoe iasa laksana, nampi noegraha meunangkeun Dèwi Sinta, poetri anoe geulisna pinoendjoel.

Nja ladjeng Batara Rama ngadjadjal karongkahan salira, lebet kana balabar-kawat, mentangkeun gondèwa. Barang dek dipentangkeun, éta gondèwa, lian ti kénging dipelengkoengkeun biasa téh, ieu mah diwengkang tepi ka dorokdok potong, sarta sorana ngagèleger matak eundeur sadjadjagat.

Koe margi éta Dewi Sinta kènging koe Batara Rama, sarta teu lami Maha Radja Dasjaratha soemping ka nagara Widèha baris ngarèndèngankeun Batara Rama ka Dèwi Sinta. Pèstana ramè lain dikieuna. Poetra poetri èstoe noeroeh-tjoepoe, toeroeg-toeroeg loeloes bangloes teu aja pisan barèbedanana.

Namoeng handjakal rèh anoe keur sakitoe roentoet raoetna tèh pinanggih pakèwoeh, lantaran:

II Batara Rama kedah nilar karaton.

Saparantos Kangdjeng Radja Dasjarata ngaraos geus ninggang mangsa kana loegaj tina ngasta karadjaan, andjeunna aja kersa

sèsèrèn ka poetra, Batara Rama. Kangdjeng Radja parantos nimbalan pandita karaton anoe djenengan *Wasistha*, tjtjawis, bèbéres, tetebah njajagikeun sapoeratina pikeun ngistrènan Batara Rama noe baris didjoeng-djoeng loenggoeh mangkoe kadaton.

Nanging pinanggih pakèwoeh, lantaran para tjeti para emban Dèwi Kaikeji, iboena Bharata, barang ngoeping Batara Rama baris didjenengkeun radja ngagentos ramana tèh, ngarasa toegenah kawoewoeh panas, ladjeng ngawoedjoek njaroendoetan ka doenoenganana, soepaja Dewi Kaikeji oendjoekan ka Maha Radja moendoet njoeparkeun kersana Radja, sarta ngangkat poetrana, nja éta Bharata tèa kana djadi Ratoe anoe mangkoe kadaton ngagentos rama.

Dèwi Kaikeji ènggal naker gedagna kaanginan, sarta gilig jèn baris mèlaan wiwirang poetra. Pikeun ngalaksanakeun kahojongna, andjeunna teu kedah ngoelajaban néangan akal, margi parantos kagoengan pakarangna anoe harita masih kènèh dikemoe, nja éta wirèh nalika Kangdjeng Radja tatoe di pangperangan, nja koe andjeunna digoegoeloeng sarta didjait tina bahja anoe kaoengkoel koe adjal, nja ladjeng Kangdjeng Radja lisan djangdji, anoe pasti, baris ngalaksana-keun *doea roepa pamoendoet* garwana, pamoe-lang tarima pamoelasarana sareng kabèlaanana ka tjarogè.

Pièndjinganeun pèsta ngadjengkeun Batara Rama tèa, Dèwi Kaikeji ladjeng ngadeuheus ka Kangdjeng Radja, oendjoekan jèn andjeunna baris kagoengan doea roepi pamoendoet, sakoemaha anoe parantos didjangdjikeun dina pangperangan teà.

Kangdjeng Radja sakalintang hèmeng galih, ningali garwa doemeuheus teu tjara biasa sasari, bangoen aloem kasapoet koe sedih kingkin, toeroeg-toeroeg aja pamoendoetna kitoe. Atoeh ènggal disambat, sareng harita kènèh didawoehkeun, jèn naon baè pamoendoetna baris disembadaan, moal aja anoe dipoengpang.

Tidinja pok Dewi Kaikeji oendjoekan:

„Hidji, njoehoenkeun soepaja Rama diboeang ti nagara, lamina opatbelas taohen.

Doea, njoehoenkeun soepaja Bharata didjoengdjoeng loenggoeh noelojkeun mangkoe kadaton”.

Barang Kangdjeng Radja ngadangoe pamoendoet garwa kitoe, sakalintang kagètna, liwoeng kalboe anoe tanpa wilanganana, ngadadak toenggara manah, wirèh kedah milih doea roepi anoe sami abotna, nja éta *tjidra* atawa *tèga* mitjeun poetra.

Awitna koe Kangdjeng Radja garwana dihaben dioepah-apèh, sangkan oelah kama-linaan dina kagoengan pamoendoet kitoe. Nanging Dewi Kaikeji welèh teu kening dionggèt-onggèt malah ditoengtoengan koe sae, jèn Radja teu meunang loentjat moelang lantja-lintji henteu tigin kana djangdji.

Endjingna parantos sajadi baris pèsta gedè ngangkat Batara Rama kana Radja Anom. Di pamengkang hèmpak para ponggawa, para mènak para pandita, eusi nagara toengkeb pada koempoel sadajana, moeng Kangdjeng Radja teu atjan loengsoer kènèh baè sakitoe harita geus siang pisan.

Koe marga éta ladjeng Batara Rama dioetoes koe sadajana, kedah doemeuheus ka djero poeri, oendjoek oeninga ka Kangdjeng Radja jèn parantos sajadi, sanis kanten teu aja kakirang.

Sasoempingna ka pajoeneun Kangdjeng Radja, andjeunna ngadangoe dawoehan rama, nibakeun hoekoeman salirana sapa-moendoet iboe kawalonna tèa.

Batara Rama nampi wisik ti rama teu aja pisan gedèr sebèrna, panger teger istoe poetih beresih soemerah kana sakersa ramana, harita kènèh njoemanggabeun baris djoemoengdjoeng sadawoehanana, margi anoe djadi pelengan manahna sanès pisan kana kamoeljaan atanapi kakawasaan doenna, nanging noedjoe kasoétjian sareng nekanan lakoe papantjèn wadjibing salira. Doepi lakoe kana ngalaksanakeun timbalan rama tèa, éta hidji kawadajiban anoe pangmoeljana. Teu aja hidji kawadajiban lian, noe sakitoe linoehoengna (heiliger), kadjabi ti djoemoengdjoeng kana timbalan rama, teu baba kana kersana.

Ari koe iboena mah, Dewi Kausalja tèa, sareng koe sadèrèkna anoe djenengan Lakshmana, dihaben baè dipoekproek diririh-ririh sangkan henteu satarabasna teuing toemoetna kana dawoehan ramana, namoeng Batara Rama koekoeh pengkoeh kana ngocdoekeun salirana toemoet poetoesan ramana,

nja éta djoemoeroeng sarta roemodjong sangkan ramana oelah pinanggih lantja-lintji, ngarandapan tjidra tina soebaja.

Eanggalna Batara Rama popoan ka Sinta, jèn andjeunna bakal tilar nagara, patoeraj djeung garwa, malah ladjeng miwedjang jèn sabot dikantoen kedah soemerah pasrah, iman salalawasna lakoe lampah oelah ingkar tina papagon oegeran sara agama, hormat tilawat soemoedjoed ka sepoe, sareng ka Bharata, anoe pingagentoseun ramana, ngasta karadjaan.

Nanging Dewi Sinta teu werat toemoet kana pamoendoet raka, margi lisan éta moekah wadjib panatan istri, moal kadoega moal tèga andjeunna ningali raka angkat njalira. Dewi Sinta sasaoeran ka rakana: „Menggah wadjibing noe djadi istri, amoeng toemoet ka tjarogè, panoetanana lahir djeung batin. Goeloeng sagalang soemoedjoed bèla toemoetoer, dina rara dina bagdja, éta papantjèn istri ka panoetanana. Tangtoe tjoel indoeng tèga ka bapa, nolas ka anak sorangan, diri pribadi teu dihidang, soemerah raga djeung njawa geusan mèlaan salaki. Kitoe tèkad istri gampang, anoe moal keuna koe owah gingsir. Gamparan badè ngalalana nJORANG leuweung, abdi, garwa gampang, anoe pinarataseun djalan, garwa gampang anoe loemakoe ti pajoen, sangkan gampang kadjarang tina kanjeri karaksa tina balang-sak. Itjal rasa kaloeman, tan wandè anggung tina soebaha ngarasoela, oepami garwa gampang toemoet roemawat mèlaan gampang. Abdi teu werat teu kadoega pasah ti gampang, nadjan di nagara didama-dama njanding sawarga, tapi paanggang ti panoetan mah taja petana tiasa. Patebih ti salaki, abdi moal pinanggih djeung kamarasan, *naraka* salalawasna. Nadjan siga nekanan lara masakat, kasapoet kabalangsakan, oepami abdi toemoet patjaket, éta *sawarga* geus moal boa!”

Koe Batara Rama ditjarioskeun bakal pisangsaraeunana pibahjaeunana loemakoe di alas bandawasa, kawantoe bakal nJORANG leuweung ganggong si magogong. Nanging sadaja piwoeroek tèh negèl teu teurak, teu matak ngagedagkeun kana manahna Sinta anoe toehoe satia ka tjarogè.

Nja toengtoengna rakana ngadawoeh ka Sinta jèn ningal sakitoe roemaketna soe-

moedj
bakal
konar
Nja
Laksl
bèla
Dje
moen
gona
koe e
noen
anoe
kant
Ka
woej
tarat
loeh
wen
ébog
èmo
tèla
geus
sanè
soep
anoe
anoe
éta
M
tjak
kari
S
tan
„Nj
tjak
ata
Rar
nga
hev
T
ka
poe
è
ka
dje
poe
kaj
ng
taè
ibe
pa
an
ka

moedjoedna, tangtos moal iasa ngahalangan bakal sareng ditjandak ngoembara ngalakonan hoekoeman pasihan ramana tèa.

Nja kitoe deui sadèrèkna anoe djenengan Lakshamana tèa teu kersa kantoen, baris bèla toemoetoer ka rakana.

Djoeng tiloean angkat ngantoen karaton, moengkoerkeun kamoektèn doenja, pangang-gona koelit kai noe dianggo. Awit diiring koe eusi nagri anoe beurat tibelat ka doenoengan, nanging di tengah leuweung sabot anoe ngiring sararè, koe Batara rama dikantoen, andjeunna mah lolos tiloean baè.

Kangdjeng Radja Dasjarata, diroengroem woejoeng nandangan soengkawa manah, lantaran pisah ti poetra kakasih, broek ngang-loeh teu aja pisan euhi-euihna. Dina hidji wengi keur ngagoeligah loemenjap manah, ébog bari goeling-gasahan, andjeunna ras émoet, atra sadaja lampah ka toekang, tè-téla jén nalika boeboedjeng di leuweung geus nelasan hidji pandita nonoman kalawan sanès disangadja, sarta émoet deui kana soepatana rama éta pandita, hidji sepoeh anoe sotjana geus teu awas, jèn wawales anoe baris toemiba kana salirana tèh, nja éta baris poepoes kaleban koe poetra.

Maha Radja Dasarata ngaraos geus nintjak ka mangsana éta soepata tèh kedah karandapan harita koe andjeunna.

Salira Maha Radja nangnaj loengsè, taja tangan pangawasa, sarta pok sasaoeran: „Nja ajeuna bakal datangna adjal tèh. Eh, tjtjak lamoen koe Rama, aing dirampa nja raga, atawa sagokan baè aing patèmbongan djeung Rama tan wandè aing itjal nahnaj djagdjang ngadadak waras, waringkas tjara baheula bihari!”

Teu kendat sasambatna ka poetra nepi ka lesna pisan Maha Radja Dasjarata poepoes, ngan Rama noe kapitjangtjam.

Sanggeus Maha Radja Dasjarata moelih ka Kalanggengan, Dewi Kaikeji énggal djengkar diiring koe para mantri nepangan poetrana Bharata tèa, baris masrahkeun kaprabon, didjoengdjoeng djoemeneng Radja ngagentos rama. Nanging Bharata, anoe tadina lebeng boeta-moena kana pikersaeun iboena, nandoeck teu iasa noemoetkeun kana pamendoet iboe, sareng tetep anteb jen anoe kedah didjoengdjoeng loenggoeh ngasta karadjaan teh, nja éta Batara Rama anoe

parantos digadang-gadang koe ramana. Koe-margi ajeuna Rama teu aja, koe andjeunna baris énggal disoesoel, sina moelih deui ka nagara. Bharata djengkar ti kadaton diiring koe para ponggawa, baris ngilari sadèrèkna. Kasoesoelna di Goenoeng *Tjitra-koeta*. Rai-raka silih rangkoel tina ngaraos sono, kasawoer koe sedih. Saparantosna nembè Bharata ngoendjoekkeun kaprihatosan manah, ditètèk ti wiwitan dongkap ka wekasan. Bharata roemaos jen ramana doegi ka poepoes tèh, kalepatan sareng dosa anoe nawoekoe dina salirana sareng di iboena koe andjeun. Bharatha keukeuh moendoet soepaja rakana moelih deui ka nagara.

Nanging koe Batara Rama disaoerkeun, jèn teu aja djalma noe lian anoe geusan katempoehan, papantjèn sèwang-sewangan, doepi andjeunna parantos ditibanan hoekoeman, taja kersana baris moekah anoe larap kana salira semèmèhna kalampahan, ngalanggar wangsitna rama.

Di dinja harita Batara Rama ngadadak njoesoer tanah ramana, ladjeng ngabang-brangkeun kasedih raina koe woeroek anoe djadi woelang.

Sanes moeng koe Bharata baè Batara Rama diririhan dikeukeuhanana soepaja kersa moelih deui tèh, dalah koe pandita *Wasistha* sareng koe *Djabati* ogè, welèh baè teu kersaeun.

Pikeun tawis nampi kana mangkoe kadaton Batara Rama Maparinkeun titihanana (taroempah) anoe disoeat koe emas, tjtjirèn kakawasaan nagara, da ari andjeunna mah baris tetep ngoembara di pileuweungan.

Bharata moelih deui ka Ajodhja, taroempah diteundeun dina singgasana karadjaan, sarta andjeunna ngasta ka kawasaan roemaos djadi wawakilna, sabot rakana anoe kagoengan hadas teu aja.

(Aja Samboenganana).

Tjandra Sangkala

Dina Oenak-anik basa Soeda III P. S. N. 7 parantos ditjaroskeun jèn karoehoen oerang mah koedoe baè mèrè pesèkkeun, tara nèm-

brès dièbreh èbreh ari miwoeroek mitoe-toer tèh. Eta kabiasaan kitoe tèa dina sagala roepa, komo dina nangtoskeun bilangan taoen mah, kawasna teu loejoe teu soeroep baè karaosna koe para boedjanga baheula mah, oepami njabatkeun taoen dina aja kadjadian anoe perloe djadi p^angeling-ngeling koe bilangan biasa. Sandi panjoempoetan bilangan taoen, biasa disebut *Tjandra-sangkala* at *Sasangkalan*.

Koe pòk-pokanana dina omongan tjandra-sangkala, oerang tèh geus matak bingöeng, tapi ari moenggoehing karoehoen mah kawasna èta tèh koerang boeni kènèh baè, da dioendakkeun deui tina omongan oeni tèh, kana gambar, djadi aja gambar anoe djadi tjandra-sangkala, sapertos di Pasar gedè aja gambar noe toempak koeda njeke-lan tarompèt di toekang di hareup aja gambar tjaoe sikatan, nètélakeun taoen 1796.

Di Moesioem aja gambar (artja) sapi sirahna dipapaèsan tjara papaès pandita, anoe ngègèl boentoetna. Dina eta artja aja toelisan anoe mimitina oenina: *sakakalanja goh, wikoe, hanaboet, 1397*. Hartina: Dina taoen Saka ieu lemboe (9) tjara Resi (7) ngègèl (3) boentoetna (1).

Ari atoeran njeunna eta tjandra-sangkala teh, nja èta ngatoer èntèpanana ketjap anoe djadi gaganti angka, sing oeni ngandoeng harti. Ari èntèp-seureuhna ketjap koedoe tina hidjianana heula mapaj kana poeloehan ratoesan rèboean djeung sateroesna. Saperti oepama oerang rèk njeboetkeun taoen 1400, dina tjandra sangkala mah koedoe tina O heula mapaj kana O deui kana 4 kana 1, pokna: Sirna (0) ilang (0) kertaning (4) boemi (1), djadi sasangkalan: Sirna ilang Kertaning boeni tèh, hartina taoen 1400.

Ieu di handap diserat ketjap-ketjap angka anoe sok dianggo tjandra-sangkala tèh.

Aangka 1.

Boeda. Boedha. Basoeki. Boemi. Dara (parawan) Dhara (mèga). Djaloe. Djalma. Djanma. Djana. Grana [iroeng]. Aloeran [toeroenan]. Hardja. Wani. Eka. Istri. Kawit Kantja. Njata. Toenggal. Kerta. Ilat [létah]. Wani. Lisan [baham]. Béntang koekoes. Oedel. Naja [pameunteu]. Ati [sanoebari]. Lamboet (patoeangan). Kapoetrén. Poernama. Radja. Rahajoe. Ratoe. Goesti. Roekoen

Roepa. Ron [daoen]. Salira. Sasih. Béntang. Tjandra [Boelan]. Woeroek [Piwoelang]. Soer-ja [srangéngé]. Soeta [poetra] Sirah Siti [tanah]. Warnaming.

Angka 2.

Dengkoel. Dampal. Asta [panangan] Karo [doea]. Karna [tjépil]. Kombar. Kara. Hama loe. Hanembah. Boedja [taktak]. Dresthi [kening]. Gandoe [tjatjarioean]. Giwang [oeang-oeang]. Hama [siki panon]. Jenangana [émé] Kara. Karni [liang tjépil]. Lambong. Lantangono. Lar. Lotjana Légra [liang pangamboeng]. Njembah. Maksa. Maripat [pangingal]. Metra at. Manik. Najana. Nétra Paningal. Pangreungeu. Pepasa. Pembajoen [pinareup]. Poepoe [pingping] Raksa. Reksa Sampéan. Sikara (dampal panangan) Soegnoe at. Lamboe (tandoek sapi). Soéta-naja (Boe-dak doea). Tjana (lambej). Tjarana.

Angka 3

Baja (boeaja). Bajalana (boeaja djaloe). Bahning at. Bahni (seuneu parapèn). Bata (hoeroeng). Boedjalana, at. Boeroela (beloet). Brahma. Dahana. Djata (tètah seuneu). Koena at. Goena (piroeha). Gota (hawoe). Geni, at. Agni (seuneu). Hahi (sorot). Hanala (pètèlan seuneu). Hanahoeti. Hapija. Hoedjal. (pamoepoet). Hoedjildjata (loebang). Hoeta (keler, paragi ngabafik). Hoetawaha (lèntah). Hoetawaka (seuneu), Hoeti (tjatjing). Hoeninga. Kaja (seuneu). Kaping tiga (tanggal tiloe). Lahagni (seuneu anoe bidjil ti djero taneuh). Latoe (pètèlan seuneu). Lena (seuneu). Nalama at. Nalagni (panas, ngentab). Pantjaka (Seuneu di poentjak goenoeng). Pawaka (seuneu kawah). Poedeng (seuneu doeroekan). Poejeng (seuneu pangragadjian at. seuneu doeroekan hoeoet). Poetjika at. Poetjitjika (seuneu leboe). Poejek (haneutna hajam njileungleum). Rana (seuneu di pangperangan). Siking (seuneu obor). Singking (seuneu anoe dipakè matri). Tiga (leuweung kahoeroean). Toeminga at. Hoeminga (seuneu moengsrat) Tri (tiloe). Trimetra (Panon tiloe). Trining rana (seuneu). Triana (kelir tiloe geblèg, at. anoe njaba tiloean). Trisoela (panah anoe paksina tiloe). Trisirah (anoe sirahna tiloe). Weda (seuneu hawoe). Wena (keler hoeroeng). Weroeh (peurah).

Angka 4 (Banjua) Banjar

Dadi (tjai hoedjan). Dhadih (tjai anoe di-pake njeuseuh). Dhik (tjai kahampangan). Dik at nik (toeak akar). Diwahana (tjai tjampoeran). Djala (angeun herang, at. lalab). Djaladi (tjai). Djala nidhi (tjai majit). Djala nadhi (tjai waloengan). Djaladri (tjai rantja). Djelangir (tjai ngembeng). Gaber (reuhak). Hadi (tjai ngagenjas). Hadji (tjinjoesoe). Har-djoena at. Hertjoena (tjai herang dina batoe). Hektasi (geutah akar noe sok didahar). Hèrna at. Hèrnama (tjai asem). Hèrnawa (tjai ngotjor). Hèrnawa (tjai ngembeng di leuweung). Hètoeh (tjisoesoe) Hoedaka (tjai anoe diwadahan). Joek (karinget). Kamil (tjipati toelén). Ping opat (tanggal opat). Karta (kereta). Karti, Kerti at. Kartwi (tjai soemoer). Ketig (getih). Leri (tjibéas). Lonaka (tjikatratjak). Loedah (tjidoeh). Loeh (tjipanon). Moentoek (boedah). Narmadha (waloengan gedè). Nedi (tjai goenoeng). Oembel. Pataka (tjai kotor). Rantjaka (tjai bendoengan). Rantjaka herna (tjai pantjoeran, solokan) Sagara. Samadhra (tjai talaga). Samoedra (tjai ki-roeh). Sindoe (tjai soesoe sato) Sindoe oepaka (tjisoesoe safo noe beunang diinoem). Soetji (tjai dina bak). Tasik (tjai tawar di basisir). Tadjén. Teloetoe (geutah). Tirta (tjai). Tjatoer (opat). Tjatoer jogi (opat goeroe). Tjeladri (waloengan laeet). Toja (tjai bari) Tojadi (tjai tiis). Tojadihi (solokan). Toedhadih (tjai di loehoer pasir). Wah (tjileungtjang). Wahana (tjai hoedjan beunang nandéan). Wahoe (lahang). Wahoehadih (toeak). Warih (tjikalapa). Warna (tjai anoe katingal goemilap ti kadjaeohan). Warnatoja (tjai tjét). Warni (tjai oejah, tjai asin). Wé (tjai panas inoemeun). Wédhang (tjai asak). Wèh (tjoeroeg). Wirna (tjai). Woeloesan (iboen anoe djadi tjai).

Angka 5. (Anqin) Anqin

Bajoe (toenggara, angin riboet). Bana. Boetha. Djeksa, Jeksa at. Jaksa (tanaga, tanaga kabadasan). Gana (angin tarik). Gatj (angin anoe ditioepkeun tina soengoe). Goelingan (angin linoek). Hastra (angin lantaran kakispaeskeun). Hendri (angin ngadalinding). Hindri (angin poejoeh). Kalima. Lesoe (angin poejoeh). Marga (angin laeet ngahiliwir). Margana (angin lajar), Margi (angin darat

ngadalinding). Maroeta (angin). Pantja (lima). Pandawa (lima sadérék). Pantjabaja (lima tanaga). Pawana (angin tarik di leuweung). Rakshasi at. Raseksi (boeta awéwé). Rakshasa at Raseksa (boeta lalaki). Samari (angin tiis). Sara (angin ngahioeng). Saramaroe (geleterna hawa). Samarina (saab raga djelema). Tata (ambekan). Tatagati (angin anoe kaloeartina iroeng). Warajang (angin kakamposan). Wastra (djamparing melesat). Wisaja (angin anoe bidjil tina lamboes). Wisikan (angin anoe disada). Wisikhan (angin ngadalinding wengi). Wirwajang. Wrajang.

Angka 6.

Rasa

Boedia [boedi]. Boedi. Boedija. Boengker [gagal]. Dhana [asin]. Doeta [alamat, tanda]. Gana [seungit]. Gardjita [rasa ati, rasa haté]. Ginem [rasiah]. Gita (reuwass, kagét). Goenem (ngabadamikeun rasiah) Gondho [angseu]. Hagas [kai toehoer]. Hagannen [ngitjip-ngitjip]. Hajak [soegri anoe oesik]. Hambar. Hamboengker [gagal]. Hanamani [rasa adjaib]. Hanggas [amis]. Hangana [Pidjagaen. pikahareupeun]. Jogja [tempat pikabetaheun]. Kanep. Karengngio [karoengoe, kadangoe]. Kagerenga [boeroeng]. Karengkarna [Sora anoe kadangoe]. Kwisa [rasa minjak]. Lana [lada]. Lindoe [lini]. Mangsa [oesoem, moesim]. Mela [haseum]. Moeni [sora]. Moenisan [hoang, hiem]. Mamaning [rasa]. Obah Prabatang [tjatang, kai ngagolér]. Poekret sieun, reuwass pisan]. Renga [rasa]. Reta [rasa tjampoeran]. Retoe [keutar]. Sad [genep]. Sadpada [sato soekoe genep]. Sadrasa [rasa loeloegoe noe genep roepa]. Sajak [rasa anoe robah-robah]. Sajeg [loengsé]. Sanda [tanda]. Sandhi. Sang wenajang [pelem]. Sarkasa [rasa madoe]. Tahen [kai, tangkal kai]. Tikto [pait]. Wangang. Wateké. Wedih [sieun]. Winajang at. Winanjang [lada]. Woenoes [sora]. Woewoesen [bentés, oetjap anoe bentés enja]. Wreksa [kai beunang noear].

Angka 7.

gunung

Bantjala (goenoeng pangtapaan). Beksoe (goenoeng anoe ngaloearkeun tjai). Beksoeko (banténg). Bitsoe (goenoeng goendoe). Giri (goenoeng anoe kawahan). Goera (goeloedoeg). Goeroe. Goenoeng. Gora (karamat). Kageng sjawara (ngagoronggong). Haksa (séggogan goenoeng). Haldaka (goenoeng anoe

deukeut lemboer). Handaka (goenoeng doa ngaréndéng). Handaswara (goenoeng ka-koenang-koenang). Hardi (Goenoeng di deukeut laoet). Hasa at. Hangsa [soang]. Hasalika [goenoeng anoe keur ditjaritakeun]. Hemawang [goenoeng njoengtjoeng, goenoeng anoe awas ti kadjaoehan]. Héndra [goenoeng loehoer]. Hindra [Batara India]. Himawan [Himalaja, goenoeng anoe salawasna kasapoet halimoen]. Jamaeni [korontjongan wengi]. Kapitoe [katoedjoe]. Koedha [koeda anoe teu maké rarahab, koeda lagar]. Mandhala [Goenoeng anoe ngewag, goenoeng beulah]. Pandhita. Parwata [goenoeng gedé]. Pertala, al. Patala [langit 7 lapis]. Prawata [goenoeng ngadjar, *boekit barisan*]. Ragoetjatha [moending pelén]. Rangoetjala [moending bikang]. Redija [goenoeng gedé]. Redi [moemoeng-gang]. Resi [pandita]. Sapta at. Sabna [toedjoe]. Saptadita [goenoeng pangtapaan]. Swara [soara]. Tjala [soekoe goenoeng-toetoegan goenoeng]. Toempakan. Toeng-gangan [koeda goenoeng]. Toerangga [koeda toenggang]. Wanawasa [goenoeng anoe pinoeh koe leuweung, leuweung pamoroan]. Wikoe. Wisoe [réa]. Woekir [goenoeng kalangenan, goenoeng pasanggrahan].

Angka 8. *(gadjah)*

Baksoe [toké] Basoe [toké]. Bermana [njiroean djaloe]. Bermani [njiroean bikang]. Bermara njiroean hideung]. Boedjangga [oraj gedé, boedjangga]. Dipa (gadjah). Dipangga (gadjah dirarahaban). Dirada (gadjah meta). Gadjah. Goendjara at. Koendjara (gadjah anoe diranté, gadjah dina-kandangna). Hastha (gadjah djaloe). Hesthi (gadjah bikang). Kadi gadjah leutik). Kala (waktoe). Kari (waktoe anoe geus kaliwat). Kawoloe (kadalapan). Lakarija (gadjah gadingna gedé). Liman (gadjah djarah). Liman waloe (gadjah leuweung) Manggala (gadjah dipapaés) Matangga (gadjah gedé. Meta (gadjah ngamoek). Moerti (kadal). Naga. Nanggala (gadjah maké pakarang). Ngiradha (gadjah lindenuk). Panagan. Sajat (gadjah pikeun perang). Samadija at. Samadjoé [gadjah di pangperangan]. Sawar at. Oela [oraj] Selira [bajawak] Tanoe [londok]. Tekek [toké]. Was [langgir]. Woloe [dalapan].

Angka 9. *(liang)*

Babahan (liang oeroet ngabongkar). Boetoelan (panto toekang, lawang toekang). Dihara (bénténg). Djoesara at. Djoewa (liang leutik). Djoewa rananda, Ngara at. Joetoe (liang djaroem). Dora Drona at. Doerna at. Doerna (lawang kana katjilakaan). Dwara (lawang, dora). Gapoera. Gatra (liang). Gege-nep (does, tjepoek). Goewa (goeha). Graha (liang keujeup). Growong (bongbok). Herong (liang oraj). Hesong (liang landak). Hongso (liang anoe témbong ti kadjaoehan). Kasanga kasalapan). Lawang.

Leng (liang leutik). Leng katal (liang lan-tjah maoeng). Leng dhong (liang lélé). Leng gendon (liang toko). Leng semoet (liang sireum). Lesong (lisoeng). Mandra, Nodro at. Lodra (panggoejangan moending). Menga (tjalangap). Nakdho (liang bangkong). Nawa (salapan). Rago (liang anoe teu awas). Roga (liang sato). Roedra (goeha rantja). Rong (goeha, liang di djero taneuh). Sadra (liang). Song (torowongan). Teroes. Tjéléng (liang tjeng-tjelengan). Troestha (kolowong awi). Troesthi (liang djangkrik). Troesing (teroes). Wadra (srangéngé kahalangan méga). Wadana (sirah). Westhi (liang soempit). Wilatjita (liang papanting). Wilosito (liang teuweul). Wile-sita (katja-katja) Wiwara (liang goeha). Wraksa (bongbok).

Angka 0. *(awang?)*

Barakan [halimoenan, ngaleungit]. Barakanda [teu inget]. Bema (djarami, djoekoet toehoer). Boema at. Doma (djoekoet paéh). Dhadasga (pikahareupeun, pibakaleun). Dhestha [djadina]. Dhesthi [kaalahan] Dhohi [leungit, éléh]. Djawi [kosong]. Jati at. Jate, [wedal]. Gagana [langit]. Haboe [leboe]. Hadob [djaoeh]. Haksa [awang-awang]. Hana windoe [waktoe anoe teu kabilang, lila]. Hanimbangi [ngarah matang] Haneng gegana at. swasana [saab]. Hawoek. Hawang-hawang Hengetna [poho]. Henget [inget]. Henir [teu miloe kaitoeng, kasingsal]. Hilang. Kadeling [katingal]. Kadi-kadi at. kaja-kaja [asa-asa]. Kasa [awang-awang]. Kasija [réa]. Kawidik [lelemboetan, njawa]. Kanidhib [katoetoep]. Langit. Loemakoe. Malawija [gedé] Malesat [moengsrat]. Maletik. Malajéwa [loempat]. Moesna, Nara [leungit tina tingal]. Ngam

bara. Ngatekna [henteu aja]. Ngidik [nga-roeksak, ngabasm]. Nir [enol]. Poengkret [noe teu djadi] Praléna [paéh]. Raga. Rona [kalakaj]. Sakata. Serna [kaleboeh] Sirna. Soenja at. Sonja [tiiseun, kosong]. Sonja roeri. Tampo. Tan karoehan. Tan katon. Tan ketoen [moebah]. Wengik. Wedik-wedikan [karasa teu katingal]. Widik-widik [lapat-lapat, aja katingal aja henteu]. Wijat [ngapoeng nepi ka teu katingal]. Windoe saja. Woek [bobo]. Woedadi [goemelar].

Tjonto roepi-roepi tjandra sangkala.

1. Sirna ilang kerti ning boemi = taoen 1400, roeksakna karaton Madjapait.
2. Boedha ikoe goehaning samadhi.
Boedha = 1, ikoe = 1. goehaning = 9. samadhi = 1. djadi taoen 1911.
3. Goena ikoe Moekaning djanma,
taoen 1913.

Agama Boeda panggelar Boro-boedoer.

Agama Boeda.

Noemoetkeun papagon agama Boeda, sagala lakoe satingkah sapari-polah, geus soemawonna panggawè djeung boeboedèn boh noe badag boh lemes, njoempoet nembrakna teu pilih, éta tangtoe aja boeahna aja wawalesna; migawè hadè meunang kahadèan, migawè gorèng bakal katibanan goréng deui. Soegri anoe karasa anoe toemiba kana diri, taja lian ti pamoelang lakoe anoe katoekang. Wawales djeung gandjaran anoe teu koengsi toemiba satoengtoeng oerang kakoeroeng oemoer goemelar di doenja anoe ajeuna keur disorang, éta bakal karandapan dina hiroep anoe kasanghareupan, dina lahir anoe néma gelar ajeuna Kasoengkan kanjeri kangeunahan kase-nangan anoe karasa ajeuna, nja anoe djadi wawales djeung pamoelang waktoe oerang hiroep baréto, dina hiroep saméméh gelar ajeuna. Djadi noemoetkeun pangadjaran Boeda, oerang téh gelar ka (di) doenja, lain ngan sakali satoengtoeng hiroep ajeuna baé, tapi sababaraha kali, méméh hiroep ajeuna baréto geus koemalendang di boeana, nja kitoe deui lamoen oerang adjal, tangtoe bakal lahir djadi oerang doenja deui. Moeterna

adjal djeung lahir anoe boelak-balik tanpa toetoeagan téa koe oerang Boeda dibasakeun: *sangsara.*

Demi anoe ngagelarkeunana agama Boeda téh nja éta:

Sang Boeda Gotama.

Nja Sang Boeda Gotama panoetanana sakabéh bangsa Boeda mah. Andjeunna ogé lahirna ka doenja tepi ka moelihna ka Djati téh, geus sababaraha balikan, lain moenggaran kakara dina nalika gelar djoemeneng Boeda téa baé.

Medalna ka doenja nitih kahasih Gotama téa, béh ditoeun Kangdjeng Nabi Isa gandjor 500 taoen, djadi toeg tepi ka kiwari geus leuwih ti 2400 taoen. Loemoengsoerna ka lahir djadi poetrana hidji radja, anoe ngaratoean bangsa Sakja di nagara Kapila-wastoe tanah Nipal beulah Kidoel di Boeana Hindoestan.

Keurna moerangkalih kènèh koe iboe ramana katjida dioegoeng diagoeng-agoengna, dieugeuh didama-dama, dipoeckproek koe doenja brata, didjoeroeng dipoeckproekjoek-keun, éstoe teu aja pisan kahirang, kawantoe poetra radja noe kawasa, soegih moekti beurat beunghar. Tina dimoeljakeunana ti boeboerej datang ka salira sawawa, henteu pisan ngaraos panggoda rantjana manah, henteu karandapan rasa nalangsa peurih djeung njeri, éstoe moeloes dina kalang kamoeljaan ginandjar kangeunahan, tina tohagana pangraksa pamoelasara iboe djeung rama. Tapi barang geus joeswa 29 taoen, koeroeng pangoeger ramana oedar, Sang Boeda Gotama anoe lahiriahna kalioeng kasipoel dipoeck koe kamoeljaan, kaagoe-ngan, ajeuna sanget ngerik manah ngangres nalangsa taja kendatna, réh karaos aja anoe henteu lana, tanaga nekanan soeda, hiroep katoengkoel koe oemoer, roemaos djadi kaoela. Galih Sang Gotama teu aja pisan poelihna tina ngamanah kana wekasan djalma hiroep manggih toengtoeng, waiingkas kasilih ripoeh, ana gering mangsarmingsir inggis adjal maksa datang.


Dina salebeting andjeunna pinanggih toenggara manah, kaleresan prok sareng hidji pandita, anoe maparin bongbolongan ka andjeunna, koe woeroek anoe soeroep kana kalboena, Nja saparantos gilig manahna,

andjeunna lolos ti karaton nilar kamoektén doenja, dalah garwa oge tjoel baé dikantoeu teu pisan dianggó wagelan. Tina tjengeng manteng sedja njingkahan goda rantjana, andjeunna loemebet ka alas bandawasa, asroek-asroekan toeroen goenoeng oenggang goenoeng, mangkring galih njiksa raga, oesaha moekah salira. Barang parantos genep taoen lamina Sang Gotama ngalalana sadjeroning tatapa, kaleresan andjeunna keur ngaso di sahandapeun tangkal *Boedigatja*, nja kati-banan wahjoe linoehoeng, nampi noegrahaning Djawata, panggalih toemiba ing Padang-tarawangan, itjal rasa asa-asa tetep anteb kana noe djadi pelenging manah.

Satoetasna kenging rahmat gandjaran Pangéran, Sang Gotama ladjeng djoemeneng Wikoe, ngamalkeun ageman kasampoernaan, dibaroeng koe ngaliarkeun élmoe oeger-oegeraning kapanditaan.

Sang Boeda Gotama teu aja lirenna miwoeroek mitoetoer mikawelas mikaasih ka djelema-djelema ngagelarkeun kaboedananana lamina kenging 45 taoen, sarta barang dina joeswa 80 taoen andjeunna poepoes, moelih ka Kalanggengan moengkoerkeun alam Sangsara. Doepi lajonna ladjeng didoeroek, sekarna diandoemkeun ka para moerid, nja djadi poepoendén djadi djimat sesembahan tepi ka ajeuna.

(Aja Samboenganana.)



Sakoemaha anoe parantos diterangkeun dina P. S. No. 5 jèn *ngawajang* tèh èstoe pitoein titinggal karoehoen Soenda, sanès titiron ti Hindoe atanapi Keling. Jaktos ari lalakon sareng sesembèn bangsa oenak-anik boeboek leutikna mah parantos seueur tjampoeran panglambonna, moeng poko tetep warisan oerang. Doegi ka ajeuna, masih aja kènèh peta *ngawajang* anoe noeroetkeun galoer karoehoen mèmèh kalindih koe tjarita tironan Hindoe, nja éta *ngawajang* anoe dilakoekeun koe doekoen-doekoen.

Parantos lami djsim koering ngoeping aja doekoen anoe biasa ngagajoeb lélembot,

serta pasang petana bèda ti doekoen biasa, bèdjana. Tina panasaran tamba kawaranaan nja koe koering diala. Eta doekoen ngaranna Nalwasan, sok disareboet ogè Bapa Djamet, ngora kènèh, oerang Kadatoean katjamatan Madjalaja.

Samèmèhna prak ngawajang ti beurangna parantos disajagikeun sapoeratina pikeun sasadjén, nja éta kadaharan salawè warna, roeroedjakan (roedjak tjaoe, roedjak asem, roedjak kalapa), doewegan, pangradinan, rampè beunang njaian dina djimbangan gedè, seupaheun, soeroetoe, sareng menjan doeatiloe goeroentoel sagegède peureup kolot aja pangadji 15 ketipeun mah. Sadajana didjagragkeun di tengah imah.

Anoe njadiakeunana bodjo doekoen téa, Ma Enèh ngaranna, nja ieu ogè doekoen kènèh, malah tanaga gajoehanana, leuwih gedè leuwih bedas balan salakina, bèdjana.

Teu lila kira-kira bada magrib, Ki doekoen djeung moerid-moeridna anoe biasa djaradi wajangna geus koempoel, rèana aja kira-kira sapoeloeh djelema, djaba awèwè tiloean moeridna kènèh, geus karolot, anoe harita miloe.

Barang datang dek sasalaman, lila langkoeng ti biasa sasalamanana teh, aja kana saparapat djamna, bari teu rèpèh *ngaradjah*, pok-pokanana mèh tjara anoe *noembalan*. Sakoer anoe aja kabèh diadjak sasalaman, nja kitoe deui moerid-moeridna, pada moerid deui, ka dalangna ka Ma Enèh téa, éta ogè sasalaman. Waktoe Ma Enèh keur sasalaman djeung moeridna atawa moerid keur sasalaman djeung anoe sèdjèn, habek-habek baé dipepeg tonggongna sataker tanaga koe Dalang tèh, éta biasana, aboes kana tarèkah pangemat lelembot kènèh. Koekoes ngeloen ngeboel teu aja kendaratna doegi ka moelek koe haseup.

Ki dalang geus dek ngawih bari metakeun hibid, kawihna roepa-roepa sisindiran, lagoe-na ngeunah lain dikieuna matak kelar matak ngangres, pantes djadi lagoe pangamatan. Oenggal sisindiran, pada boga peta sorangan, pok-pokanana aja soeroepanana kana tingkah lakoena Dalang, sabab sabotna ngaleu ngawih tèh teu tinggal peta, djeung réngkak soerahna omongan téa. Kawih anoe djadi babakoe sisindiranana:

Leumeung teundeut tjotjongoan, djalanna ka Radjaloeah. Meungpeung deukeut soso-noan, djaga mah oerang padjaeoh.

Selang-selang tina ngawih dalang tèh tjong njembah ka sakoer anoe aja bari ngomong: „Mangga njanggakeun!” Harita anoe nong-ton geus pinoech.

Dalang tèh roepana katjida tjapèna da tepi ka ngèsang, ari moerid-moeridna sanggeus dalang lila ngawihna, pada njaroepalak totopongna, sawarèh aja anoe ditjoeplak toeloej dibeubeutkeun iketna koe Ma Enèh téa atawa koe moerid anoe sèdjèn, sarta moerid-moerid tèh (wajangna) reup pareureum bangoen lesoe.

Teu lila djoeng anoe saerang nangtoeng réngkènèk ngigel, roepa-roepa tingkahna, sarta doeroegdoeg batoerna limaan atawa genepan digesoeran ka tengah toeloej digolèdagkeun.

Dalang teu eureun ngawihna, ari wajangna téa, aja anoe lalangoedan. aja anoe djoengkir, aja anoe ngabedega baè, aja anoe ngadjapang, aja anoe adjrag-adjragan roepa-roepa polahna, kawantoe keur kasoeroepan karoehoen tea.

Sabot keur kitoe regot-regot ngarinoem tjai rampè anoe dina djambangan gedè téa, nepi ka bèak. Teu lila salah saerang *wajang* tèh aja anoe kakaoet tjatjakar bari kakarandangan tjara tingkah lakoe maoeng, toeloej dibèrè endog hajam, teu lila golèdag baè sarè.

Moeridna noe awèwè téa ogè teu tjitjing, réngkènèk deui ngigel, kakajangkangan pajang-ajang doeaan bari metakeun karèmbong, tapi teu lèmèk teu njarèk.

Sabot keur kitoe rigidig anoe saerang dipoenggoe koe batoerna deregdeg dibawa ka hawoe ka goah ka boeroean, ka pipir, teu lila boes deui ka imah, toeloej ngigel ririgian bari moemoenggoe batoerna téa.

Kitoe baè petana ti sorè dongkap ka mèh djanari, teu aja eureunna. Nja ieu anoe diseboet ngawajang Allah koe Dalangna tèh.

Saparantos réngsé kakara koe koering ditanjakeun katranganana. Kieu tjaritana:

1. Ngawajangna kitoe tèh, lamoen diogan koe anoe hajang diroeat, anoe hajang salamet dj. s. t. lain pikeun kamonésan tatanggapan teu poegoeh.

2. Waktoe dalang geus prak ngawih, karasana koe moerid-moeridna awakna djadi bareurat djeung rada lendeng, éta sababna anoe matak hajang peureum baè. Sanggeus reup peureum béh aja anoe katingal, lelemboet „karoehoen” ngabelegbeg kawas kalangkang, aja ogè anoe bodas, sarta datangna ganti-ganti, aja karoehoen ti Tjampaka, ti Tjipakoe, ti Loearbatang, ti Parakan-moentjang ti Madjalaja dj. s. t.
 3. Waktoe moerid awèwè ngigel, éta Nji Sri anoe soemping.
 4. Peta moerid anoe roepa-roepa tèh, pangadjak djeung piwarangan „karoehoen” anoe soemping téa.
 5. Maoeng anoe njoeroep ménta endog téa, toetoenggangan salah sahidji karoehoen anoe harita soemping ka dinja.
 6. Djoerig djeung dedemit anoe datang atawa anoe aja di tempat-tempat anoe dareukeut, nja katinggal deui dina waktoe keur peureum tèh. (Tjeuk hidji moeridna). Kadjabi ti éta. Dalangna tèh, pinter pisan ngirataan ketjap, sadaja ketjap, sagala ngaran barang, diterangkeun koe *kirata*, nerangkeunana lantjar sareng gampileun pisan. Malah lian ti omongan tèh, wawangoenan, barang-barang sadajana koe manèhna kening ditjarioskeun kiratana.
- Sakitoe anoe harita kapendak tèh, ari leres henteuna satjarios katrangan téa, éta mah „doeka teuing”.

S. d. R.

Paririmbon

(Samboengun P. S. No. 6)

11. Asihan paranti ngadeuleu.

Deuleu aing deuleu deungdeung, deleng koe mata sira, salondari sia seuri salondaar aing datang, salondari sia tjeurik, salondari aing poelang, tjeurik noetoerkeun, sih asih ka awaking.

12. Asihan Goerijang

Tèktèk aing tèktèk asih tèktèk aing radjakanten, paranti malikkeun angen noe

tineung, Goerijang toeroen ti goenoeng, matak sono sa Tjirebon matak welas sa Mataram, koentia toeroen ti peuting, sira welas sira asih, sih asih ka awaking.

Djangdjawokan

1. *Paranti keupat.*

Tabè poen bibi tjemok kawirantakan, ngalalar ngawentjang-wentjang, lar ka ditoe lar ka dieu, tjoetjoendoek ti Timoer ngeupatkeun bèntang ti kentja, goemoeroedoeg lain goegoer, goemarapak lain hoedjan, reumis tjimatana si (Ngaran boedak anoe mapatkeun) ditëndjo koe saider boeana kabèh.

2. *Paranti ngadeuleu.*

Deuleu-deuleu sibanteuleu, deuleu aing siman rindoëan, deuleu aing siman rinoekasih, dideuleu teu weudeu-weudeu rat sanèh sorèang sanèh, disorèang hajang kènèh, mangka welas mangka asih ka ratoe asihan aing, dideuleu saider boeana kabèh.

3. *Paranti seuri.*

Poeroeloek boej tina hoentoe, paralak baj tina lètah, seukeut seuri tadjem pantes, pret majang pret salasih, rèt noe hajang rèt noe asih, asih ka seuri awaking.

4. *Paranti dipoepoer.*

Poepoer aing poepoer panjamboer, panjamboer panjangling roepa, njalin roepa ti Dewata, njalin sari Widadari, nja tarang lantjah mentrangan, nja halis katoembrian, nja iroeng koewoeng-koewoengan, dideuleu ti hareup sieup, disawang ti toekang lendjang, ditilik ti gigir lenggik, mangka welas mangka asih ka noe dipoepoer, ditëndjo koe saider boeana kabèh.

5. *Paranti ngalantoeng.*

Lantoeng lajoeng ti loeloeroeng, asihan si boeroeng poendoeng, satalandjoeng boeroeng djaoeh, salèngkah kadoea njoerèang, katiloena balik deui, pasareundeu henteu weudeu, papaliwat sia hajang, oendoer aing sia miloe, leumpang aing sia dibawa, dina paroeng sia poeroen, dina erèng sia daèk, mapaj lintjar sia hajang, lamoen sono top totopong. (Lamoen awèwè anoe mapatkeunana koedoe oelah *top totopong*, tapi: Lamoen

sono top karèmbong) bongbolong baloembang tjaaing, katjaangan koe awaking, leungit wirang tinggal hajang, kabongroj koe raga aing, aing noenggelis. Noengning-him-hijang lènggang.

6. *Paranti nitah oengkoet-oengkoet.*

Oengkoet-oengkoet dora ngidoel, kirim aing boengkoes kosong, lain sakosong-kosongna, eusina tjoepoe djeung bajoe, dieusi akma sapinggan. Rampoe poetjoes tiloe poeloeh, rempag bajah tigang welas, mangka welas mangka asih ka awaking noe ngaraga Dewata di boeana.

7. *Paranti meper amarah doenoengan.*

Hoeng, hoeng sahadat maoeng, leuh, leuh maoeng poendoeng datang deroem, gadjah meta datang depa, oraj laki datang noempi, boerak galak malik asih, malik asih djong-djon sono nolos lastarisüüh, asih ka awaking!

Singlar

1. *Singlar kana djoerig.*

Sahadat kamalahoe, tjangtjang kembang galak kamalaha, jahoe, jahoe, jahoe, istan palias, istan palias, istan palias.

2. *Singlar kana hama.*

(Matja heula bismilah toedjoeh kali, dipatkeunana koedoe bari mepet napas).

Papag soengsang soeda poelang, poelang ka oeroet sia datang, bisi aja hama beureum ti Wetan, poelang (keun) deui ka Wétan.

Papag soengsang soeda poelang, poelang ka oeroet sia datang, bisi aja hama datang ti loehoer ti handap ti angin ti hoedjan ti tjai ti geusan mandi ti djalan ti pasampangan oelah djail djailloelah djail ka pakaja oemat Allah, ari deuk wani koedoe koe Allah.

3. *Singlar kana koenti.*

Pipinding angkat pandeuri, soesoewaj angkat ti heula, toetoeanggan gadjah doengki, oelah woeroek soedi gawè, aing njaho ratoe sia boengboeloeng boeah bongbolong.

4. *Singlar moesoeh.*

Tjoeroeloeng tjai ti manggoeng, barabat ti awang-awang, tjai tús tanpa bisi, moen

deuk njatroe ka si itoe, moen deuk hala
ka si éta, anaking palias teuing.

5. *Singlar lamoen rék sarè.*

Doeg sira goemoeloeng njanghoeloe ka
sagara Kidoel, noendjang ka Balangbangan,
njanggir ka lingga manik, nangkarak
ngalingga tara, nangkoeban toeroet bajoean,
oelah katindh koe djangdji, oelah katinggang
soebaja, istan palias, istan palis.

Tjangreud moelang tali padang, sira toe-
mengga pantjabaja, renjep hidep balik deui,
mangka balik ka ragana, tjai moelang noem-
boek tjabat istan palias, istan palias, istan
palias.

(Aja samboenganana)

Almenak Tahoen 1853.

KARESIDENAN BANTEN

Afdeeling Banten Kalèr.

Resident: G. A. E. Wiggers.
✓ Regent: Radhen Toemenggoeng Ario.
Tjondro Negoro 16 September 1849.
Patih: M. Ng. Prawira Negara.
Hoofd-djaksa: M. Ng. Tjakranagara.
Panghoeloe: Hadji Asngad.

Afdeeling Pandeglang.

Adsistent resident: A. J. van Dijk.
✓ Regent: Radhen Toemenggoeng Aria Nata
dhi Ningrat.
Patih: M. Ngabehi Prawira Koesoemah.
Djaksa: M. Astra Watjana.
Panghoeloe: Hadji Safieoedin.

Afdeeling Tjaringin

Adsistent resident: A. A. de Nijs
✓ Regent: Radhen Toemenggoeng Aria Soe-
ria Nagara 26 Januari 1850.
Patih: M. Aria Djaja Manggala.
Djaksa: Mas Said.
Panghoeloe: Mas Mad.

Afdeeling Lebak.

Adsistent resident: V. A. L. P. Bekking.
✓ Regent: R. Ad. Karta Nata Nagara.
Patih: Mas Aria Prawira Nata.
Djaksa: Radhen Astro Kesoemo.
Panghoeloe: Mas Nasieb.

KARESIDENAN BATAWI

Afdeeling Bogor.

Adsistent resident: A. M. Bousguet
✓ Regent: Rd. Ad. Soeria Winata (Regent
Bogor noe panoetoe).
Hoofd-djaksa: Rd. Ar. Soera Wiredja.
Hoofd-panghoeloe: R. Hadji Moeh. Natsier.

Karesidenan Krawang.

Adsistent resident: W. F. Schenck.
✓ Regent: Rd. Tm. Sastra Nagara.
Hoofd-panghoeloe: Rd. Moeh. Hoesein
13 December 1843.

Karesidenan Priangan.

Afdeelingna aja 8 nja éta: Bandoeng-kalèr-
Bandoeng kidoel. Tjiandjoer. Soekaboemi.
Bloeboer. Galoenggoeng. Limbangan djeung
Soekapoera.

Kaboepatenna 5 nja éta: 1 Bandoeng
(17 distrik: 1 Nagri, 2 Oedjoeng beroeng
koelon. 3 Oedjoeng beroeng wétan, 4 Ma-
djalaja, 5 Tjipendjeuh, 6 Bandjaran, 7 Kopo,
8 Tjisondari, 9 Rongga, 10 Tjilokotot, 11
Radjamandala, 12 Tjihéa, 13 Gandasoli, 14
Timbanganten, 15 Tjikemboelan, 16 Tjitja-
lengka 17. Bloeboer-limbangan.

Kaboepaten Bandoeng.

Adsistent resident (Tempat Resident di
Tjiandjoer kénéh): A. G. C. Visser van
Gaasbeek

✓ Regent: Rd. Toemenggoeng Soeria Karta
Adhi Ningrat (gentos djenengan: Rd. Ad.
Wira Nata Koesoemah) 27 Juli 1846. ✓
Hoofd-djaksa: Rd. Soeria dhi Pradja 26
Mei 1852.

Hoofd-panghoeloe: Rd. Moeh. Djaélani

Kaboepaten Tjiandjoer.

(Dajeuh Karesidenan).

Resident: C. P. C. Steinmetz
✓ Regent: Rd. Ad. Ar. Kasoema Ningrat.
Hoofd-djaksa: Rd. Dem. Poera Nagara.
Hoofd-panghoeloe: Rd. Hadji Abdoelhalim.

Kaboepaten Soemedang.

Distrikua aja 11, nja éta: Soemedang, Tandjoengsari, Tjibeureum, Tjonggéang, Darmawangi, Darmaradja, Malangbong, Tjiawi, Indihiang, Tasikmalaja, Singaparna.

Apdeling Soemedang-Soekapoera.

Adsistent-resident: A. van der Ven.

✓ Regent Soemedang, Rd. Ad. Soeria Koesoema Adhi Nata 20 Okt. 1834.

✓ Regent Soekapoera, Rd. Tm. Wira Tanoe Baja.

Hoofd-djaksa Soemedang: Rd. Angga Troena. Hoofd-djaksa Soekapoera: Rd. Dita koesoemah.

Hoofd panghoeloe Soemedang: Rd. Kiai Moehamad Taif. Hoofd panghoeloe Soekapoera: Rd. H. Moehamad.

Kaboepaten Limbangan.

✓ Regent: Rd. Tm. Wira Tanoe Datar (gentos djenengan Rd. Ad. Soeria Nata Koesoemah). 10 Sep. 1833.

Hoofd-djaksa: Rd. Rg. Soeria dhi Ningrat. Hoofd-panghoeloe, Rd. Moehamad Jahja.

Karesidenan Tjirebon.

Resident: T. Ament.

✓ Regent: Kiai Adipati Aria Soera Adhi Ningrat. Hoofd-djaksa: Rd. Dem. Niti Negara. Hoofd panghoeloe M. Iman Abdoel Kahar.

Apdeling Indramajoe.

Adsistent resident: S. L. P. D. Niepee Ranga: Rd. Tm. Mangkoc Dirdja.

Djaksa: Mas Karta dhi Sastra.

Apdeling Galoeh.

Adsistent resident: J. T. W. A. Lange.

✓ Regent: Rd. Ad. Ar. Koesoema dhi Ningrat 9 Maart 1839.

Djaksa: Rd. Arga Koesoemah. Panghoeloe: Abdoelah Ibrahim.

Apdeling Madjalangka.

✓ Regent: Rd. Ad. Ar. Karta dhi Ningrat. Djaksa Rd: Soera Amidjaja.

Panghoeloe: Mas Imam Hasan Basari.

Apdeling Koeningan.

✓ Regent: Rd. Ad. Ar. Soeria dhi Redja.

Djaksa: Mas Demang Poerba Dhoergani. Panghoeloe: Akramoedin.

Wawatjan Siliwangi.

Samboengan Poesaku Soenda No. 7. ✓

197. Kangdjeng Preboe ngadangoe sembah
oetoesan,

ngaraos teteg galih,
teu aja salempang,
poetra raos kapendak,
geus kitoe Ratoe ngalahir,
ka Pramèswara,
Enok meudjeuh nja prihatin,

198. Dago baè si oedjang mo boeroeng
datang,

nanging awal djeung ahir,
oerang koedoe sabar,
pasrahkeun ka Pangèran,
poma njai oelah nangis,
mangka tawekal,
sadrak ka Sang Oetipati.

199. Lampoeng Djamboel Kidang-panan-
djoeng pamitan,

Gelapnjawang teu kari,
tiloe pandakawan,
rèk mapaj Radja poetra,
mo moelang moen tjan kapanggih,
rèk ditèangan,
disaksrak dioenggal nagri.

200. Dawoeh Radja soekoer oewa geura
leumpang.

poma mangka kapanggih,
djalma tiloe njembah,
soedjoed teroes marangkat.
Sang Preboe ngalahir deui,
miwarang emban,
njaoer den ranga patih.

201. Sareng poetra sang radja Asmoena-
larang,

doeaaan sing kairing,
henteu lila doengkap,
patih djeung radja poetra,
ari timbalan Sang Adji,
ajeuna poma,
si oedjang masing kapanggih.

202. Moèn teu timoe tangtoe awak ka-
tempoehan,
oelah rék ngeunah ati,
leungitna si oedjang,
tangtoe aja lantaran,
awak anoe koedoe telik,
hadé gorèngna,
rèh noe ngaheujeuk nagari.
203. Ki Asmoenalarang reudjeung patih
pisan,
moen oedjang tatjan kapanggih,
oelah wara moelang,
goenoeng djeung leuweung saksrak,
lebak djoengkrang gawir,
los geura miang,
koetjem raraj Radèn Patih.
204. Raos-raos katereka tjoelikana,
doeaaan njembah teu lami,
angkat ka pasêban,
nata para ponggawa,
bopati mantri dipilih,
noe rék ditjandak,
ngilari poetra noe leungit.
205. Sanggeus toetoe diatoer sapoeratina,
kabèh pada arindit,
ti nagara boedal,
riab pasoelibrengan,
sigeg anoe noengtik lari,
ajeuna kotjap,
pandita Sindangkasih.
206. Kiai Gedèng Sindangkasih enggeus
sepah,
koena bagawan watjis,
moeroek ilmoe boeda,
joeswana enggeus ratoesan,
hampir doea ratoes leuwih,
joeswa pandita,
anangit masih ringsig.
207. Poetra hidji pameget estoe digdjaja,
dèn Wirata kakasih,
ajeuna keur tapa,
di goenoeng Oedjoeng koelon,
geus sepoeh poetraan deui,
istri sembada,
dèn poetri Ambetkasih.
208. Gandes pantes loehoer èlmoe kaistrian,
geulisna leuwih-leuwih,
mila katjarita,
sakoeliah poelo Djawa,
geulisna taja noe nanding,
salira omjang,
lir emas oerè sinangling.
209. Estoe poetri poetrana radja pandita,
salira lendjang manis,
ramboet andan-andan,
lambè manggis larengan,
djaridji moetjoeking eurih,
tjoereuleuk sotja,
damis kadoe sapasi.
210. Soegri djalma anoe parantos oeninga,
istri pameget asih,
geus poegoeh sepoehna,
nénéh salamina,
lebah harita nji poetri,
kakara joeswa,
kalima welas leuwih.
211. Geus tingali aksara boeda djeung
Soenda.
pinter parigel noelis,
mamaos wawatjan,
soegri tjarita paham,
moen mamaos ngahaliring,
manis gentrana,
noe ngoeping soengkan balik.
212. Waktoe èta boemina poetri geus misah,
koe rama geus dipaparin,
gedong kalangenan,
anggang ti boemi rama,
djaoehna saepal leuwih,
babakan anjar,
katelah karang wangi.
213. Tina rèa roepa-roepa kekembangan
pinoeh koe anoe seungit,
dèn poetri geus lawas,
boemèn-boemèn di taman,
doea welas djompong ngiring,
ka kasih doea,
poen Gandes noe ka hidji.

214. Wasta Tjental djompong kadeuheus
ka doea,
baladeur beuki seuri,
warna lèlèwana,
ngabeberah doenoengan,
sèsèbrèd taroetjing sindir,
djeung paparikan.
ngomong teu tinggal ti sandi,

215. Karang Wangi moetoeah matak betah
manah,
ngagalalontor tjai,
empang patamanan,
toeroet sisi dibalaj,
ngagenjas tjai beresih,
toeroet sisina,
petétan panarik resik.

216. Saban peuting dina noedjoe tjaang
boelan,
rèa istri saroemping,
ngaradon ngaboengbang,
hariring poepoedjan
blang nararepi ka èndjing
noe tararembang,
kinanti melas melis.

POEPOEH KINANTI.

217. Ting sarenat ting sarenoet,
hariring soara istri
nembangna tampan-tinampan,
oengkara galoeh dianggit,
wawatjan poesaka koena,
tjarita dèwi Artatit.

218. Ambet kasih ngilo laoen.
rèntjang ngiring ngahaliring,
mamaos ngaradoe gentra,
tatangga moengpoeng saroemping,
miarsa toetoer tjarita,
paselang soelook djeung silih.

219. Rèa sasakala timboel,
poesaka ti nini aki,
kagoear miloe kaboeka,
katoengtik katarik sindir,
Ambetkasih noe njoerahan,
sepoeh anom soeka galih.

220. Antara sahidji waktoe,
noedjoe dina hidji wengi,
ti sorèna raramèan,
djam tiloe nembè ngarampih,
Ratna Dewi koelem tibra
teu lami bet toeloej ngimpi.

Aja samboenganana.

